

## ABSTRAK

**Dicky Mardiana. 2017. Kaleuyaan jeung Rupa-rupa Lanch (Kelas Arachnida) di Basisir Pantai Sindangkerta Cipatujah Kabupatén Tasikmalaya. Diaping ku Drs. H. Ahmad Mulyadi, M.Pd. salaku pangaping I jeung Drs. Suhara, M.Pd. salaku pangaping II.**

*Lanch mangrupa prédator pikeun sato gegemetan, kukituna lanch boga lalakon dina ngadalian populasi sato gegemetan hususna sato gegemetan nu kaasup hama. Sanajan kitu, panalungtikan ngeunaan lanch masih arang langka dilakukeun, hususna di basisir Pantai Sindangkerta Cipatujah Kabupatén Tasikmalaya. Ku kituna, ieu panalungtikan dilakukeun pikeun ngukur kaleuyaan jeung rupa-rupa lanch di basisir Pantai Sindangkerta Cipatujah Kabupatén Tasikmalaya nu dilaksanakeun dina kaping 16-19 Méi 2017. Metode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta desain Belt Transect anu diwangun tina genep setasion, jarak antar setasionna 50 méter nu unggal setasionna diwangun tina genep kuadrat nu jarakna 10 méter antar kuadrat. Sampel dibawa ngagunakeun metode pit fall trap, insect net jeung beating tray. Data pangrojong anu diukur nya éta paktor lingkungan (Kelembapan Udara, Suhu Udara jeung Intensitas Cahaya). Dumasar hasil identifikasi aya 9 famili, 14 genus jeung 15 spésiés anu dimeunangkeun, nya éta: Tetragnatha nigrita, Tetragnatha extensa, Centromerus sylvaticus, Bolyphantes nigropictus, Ceratinella sp, Araneus sturmi, Leviellus stroemi, Oxyopes salticus, Piratula uliginosa, Pardosa falcifera, Arctosa personata, Clubiona diversa, Diaea dorsata, Aphantaulax trifasciata jeung Euophrys nigritarsis. Nilai kaleuyaan spésiés nu pangluhungna miboga ukuran 9 ind/m<sup>2</sup> nya éta Bolyphantes nigropictus. Nilai indéks rupa-rupa lanch tina sakabéh setasion nya éta 1,55, hal ieu nembongkeun yén rupa-rupa lanch di basisir Pantai Sindangkerta Cipatujah Kabupatén Tasikmalaya sacara umum kaasup kana kategori sedeng.*

**Kecap Konci: Kaleuyaan, Rupa-rupa, Lanch**